LE DIWANE DE BAAY LIBASSE NIANG
EN WOLOF TRANSCRIT

2016

www.almahdiyou.org

POESIE WOLOF DE LIBASSE NIANG

Forgeron, c'est en travaillant le fer que l'éminent poète Libasse NIANG gagnait sa vie. Mais, il s'est révélé être aussi un habile artisan dans le maniement de la langue wolof. La richesse des rimes et le rythme musical des poèmes chantés qui suivent en sont un témoignage éclatant.

Il clame avec conviction profonde et puissante sa foi en la mission d'Envoyé de Dieu de Seydina Mouhamadou Limamou Laye (1883-1909), fondateur de la confrérie Layène du Sénégal. Il porte d'ailleurs l'un des surnoms de Seydina Limaamu (Libasse), qui aurait béni sa langue le jour de son baptême.

Il vécut dans les villages de Cambérène et Malika ou il forgeait des outils aratoires pour les agriculteurs. Mort en 1944, à l'âge de 40 ans environ, il est loin d'être oublié. Aujourd'hui encore on chante avec beaucoup de ferveur ses poèmes, durant les nuits de veillée religieuse.

[1] BAAY LAAY AMUL MAAS

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Baay laay amul mass
Njool yaay boroom diine
Xàllal nga nu yoon
Leeral nga ngirum diine

Yeen gëm yi kaay leen nu waxtaan
Fii ci kañ Baay Libaas, moo feeñ ci Soodaan
Te noo nampoon wolof miin ko lool
Jii wax araamul, ci laay, kañ Seydi Soodaan

Baay Laay a leen yay ci téére Yàlla, Buur bi nu moom
Xamxam ba nekkoon ca Maxfuus, moo ko saytu woo leen
Waar leen ñu gantu, geum yay sellel ba rilwaan

Bu leen wutal Baay Laay maas nde bonte mu ñaaw
Yonnent akub seriñ duñu benn ba diy maas,
Njiin jàngul, bindul, dajalewul téére di ci seet
Yàllaa ko yonni muy woote diine lislaam

Baay Laay newul "baa siin mimmara ak liif, laam"
Jaaxal na walliyu waxumaak fooroya juy waare
Dogonkoon ak réér ngeen jebbeul ko Lislaam

Maam Aadamaa tiim ña mu feekkoon ba tën ba laa woor
Malaaka yay sujjoot ngir leeru Yonnent ga ca moom
Laay laay la Laahu ja mo xotti gémmëñ ga leer ya saawaan
Yooyay juñjugn réy na, danu koy woy ba Diiwaan.

Xam naa ci say jikko ñatti téémeér
Dadul jeex, am nga kiraama

Sak mbaax réy na ku lim juum
Rafet jikko muñ gu yaa
Xam-xam budul jéex, yaatu taaru tabe
Màndu, am diine amuk leer

Baay laay ba muy waaja feeñ, biddéew la andal bu leer
Way réér ya naan biddeewub laar, way gëm ya naan bidéewub leer
Loolu bir na leen, Séydéey "nooru lislaam"

Baay Laay dafa feeñ samp raayi jullit waar leen
Bu ngeen gëmoon jëfu Buur Yàlla du ngeen jaaxle
Yonnent dafa woote, ngen gàntu, bu leen naagu

Baay Laay, naka feeñ, ne Yàllaa ma yonni ci yeen
Yàllaa ma yonni ; te Yàlla nee na ngeen tuuba yeen,
Mbooleem nit ak jinne kaay leen xañtu lislaam

Sunu Buur la nuy woy di tagg Yonnent bi aleyhi salaam
Baay Laay a woote lislaam, gëm leen ko, man woolu naa
Yaakaar, ku kañ Seydi am ngag may fa Diiwaan

Yaa naawewoon Màkka, yanu leer yaak sunuy ruu
Ba ngay cëppéelu ngor, riir wa dektu Rilwaan
Ku gëm nu gëm, ku bañ dunu tàggo ba Diiwaan

Njool ma cëppéélu biir Yoof, leeram ga dem Kambaréén
Jénéer ba dem Beyti Maamur "saalihina" ya teew
Ña gëm fa Ndar woolu, Waalo gëm te kontaan

Ñoñam ya wër ko di sabba, bañ yaa nga naa dééta waay
Wax leen ci waa ji, balaa siiw sànku, nan dem ca Buur
Pikin dañoo jeex, maam jaa wootewoon diiné

Ngëlëm dafa réy, te réér metti ma di jooy
Ku doon siyaar Nabi, Yaaram baa nga biir Jammalaay
Ku daan bégé Séydi Isaa war nga ñëw tuuboo

Yàllaa la tannoon ci biir Yonnent yi, def la ngay njiit
Yaa moom juroom ñaari diiwaan, xawsu màndi ngay leer
Deeful wëjjéek yow nde yaa leen mën fa diiwaan

Ba Baay demmee taaxi Béér, tuut koon kiraamaam ya feeñ
Dëndug nawet jib na noor, boobéé ba tey ken du laal
Baay Laay kerook ñay wu weex tiital na waa Béér

Sëriñ si daa mawwu dugg xalwa di seeti Baay Laay
Bëtub kiñaan daan na mbémpeen ba boroom réér
Man dey dama yéém ñi ko wéddi te muy moom

Bu leen werante biib taal yonnent a ko taal
Ku ci xamul te di xamxamlu baña laaj
Yellonte ngay kaang mbaa fooreya di nga réér
Lëndëm ga sànk la doo seerooti "ridwaan"

Ku fekkewoon ba ngay woote xam ne yaay ki fi man
Xérëm yu réy ya ca biir Yoof, xàmb yaak ña kay muur
Semmal nga leen ba ñuy jaamu Yàlla, ken dootu yow
Yonnent bi, yaay mbër mi xàlloon yoonu lislaam

Xamxam, lu muy jariñ, lu moy jëfe ko, digal ko saw gaay
Bu loolu lépp nekkul, moo jaa, ku fiy wonew yoon
Subhaana xamxam bu lay wommat jëme Saam
Wax ja moo lay gétën ngay làyyoo jëme naari

Yonnent fu mu mosa feeñ, Yéefeer ya bañ ko diy noon
Ña donn ay kàggu, ñooñaa koy werante ba Saam
Ña teela gëm naan fa Zam-Zam, am fa ridwaan

Yoow waat nga wàcca nga, yaa woote jubël diiné
Birël nga sap woote, doo làyyoo ba ken di la yay
Yembal nga jox Seydi, muy ommat ba diiwaano

Yow waat nga wàcca nga, yaa woote jubël diiné
Doo bayyi waxtu, do tooñ, doo ngnañ̃ kenn, sàllaaw
Sellal nga saw yoon Baay rafet diiné

Yow waat nga wàcca nga, yaa woote jubël diiné
Naroon na noo sànku, noo ngi jaamu ken dootu yow
Yonnent bi yaay mbër mi xàlloon diine lislaam

Baay Laay ne seytaane raay na boppi mbindéef yi
Ba Baay nelawee la géej tiit, neex ba nuy naan
Dogoon ak réér ngeen jébbël ko Lislaam

Ku koy werante da nga laajul ñi doon jéema bañ diinéém,
Kalaame kook buur, ba Baay duggee gaal
La géej sàbbaa, Aras jayoo
Ba Boroom Aras yëngoo Baay Laay weesuwul Béér

Xaybar la Yéféér ya fitnaal noon ya ñuy seeti Njiin
Njool ma feeñu leen ca tisbaar ngir yërmëndeem ju réy
Ak bañ gëm ya weddi, Baay Laay yaa rafet diiné

Ñu nga naa kaayleen ñu wër Goor gi, seet njañ li muy muur
Mu ne leen reew ngeen, nde suma njañ li bu ngeen ko dee laal
Asamaan daldi tàppok suuf, géej ga baawaan

Ñu nga naan tey jii nu gis njañ lu mosul feeñ lu tey
Nëbbub Yàlla jomb na jaam gis ko, Njiin du seen maas
Kéwél ga daldi féx, gaa ña tiit ba daw tasaaroo
Ba ñu laa yembaat la Baay Laay japp bay ñaan

Moo simpi xamb ya, taxawal diine Lislaam
"Xaatimi nabi-iina" sunu Yonnent bi woy leen ko

Moo leeral sunu xol ba sunu tur dem ba Diiwaanoo

Nuy muslu séytaane, kiy raay boppi xam ya ñuy réér
Diggënte rafle waak xiif waak mar wu tar wa ca Saam
Na ump gaa yay dëggal Yonnent ba Diiwaano

Lay jeex na Njiin jib na Diiwaan wacc biir Yoofi géej
Tambur ba jib na, muy baatub Laa ilaa illa Laah,
Li Yàlla def bir na miim réew, dootu fey abaadaa
Japp ak Julléék woor la nuy sàlloo ba rilwaan

Japp ak julléék woor la nu Yonnent bataleel
Goor ak jigéén ndaw ñépp da ciy maase
Yonnent a ngay nelaw te bu yeewoo nu kontaan

Kañ leen boroom ngir mi, Baay Laay mooy dindi réér
Yaa nuy dindil tiisu bammeel may nu xéewël ca biir
Firdawsi, Kawsaray baawaan nuy sanguy naan

Yaa daagu jëm Péey bu rey bi, ñépp sew na ci moom
Déeyaale faak Buur ba, ba mu tampeel la, yaay Ruuhu Laahi
Yàlla la may yaa di njiitu "ahlu Soodaan"

Yow yaa jëkkoon feeñ, di jantub diine, bir miim réew
Leer yaa ngiy baawaan ba Soodaan siy xëcco may gi ñoom
Dañoo xamul Xawsu, Baay Maanaay boroom diiné

Anta Lamiin nga yaa "Séydil xalaa-ixi
Yaa samsu Samaanun, wa yaa nuurun bilaadi
Seydi Ruuhun min na Laahi "

Ilahiinaay péey ba, noo séqë taabal ja nook Maam
Firdawsi kontaan na ngir nun ñiy dëggël ñaari leer
Bu ngeen yaboo maare, am ngeen mbër fa Diiwaanoo

Bu leen iññaanante ngir nun Buur bi nuy jaamu moo sàkkoon
Mbugëg, mbégte, te nuy ñaan mbég mu réy ma ca biir
Firdawsi, Séydi yaa nuy omat ba Diiwaanoo

Yonnent la nuy woy, bu leen dingnat cofeel gu tar la
Xol fees na bay tuuru, gëm woy leen boroom diine ji
Bañ yaa ngi suumurlu, nuy kontaan ba Diiwaanoo

Sa wird wi, da nga ko jaayul, nde bonte nga riis
Sakkuwoo ku lay siiwal, wees nga puukëre laay
Yaa jiituwoon gaa ña Diiwaan tann Lislaamoo

Ngirëm mi réy na te yaa, wirdam wi mat na tte leer
Gaalam du tarde du raay, paasam jafewul ab jaam
Roy leen ci Séydi, moo nuy ommat ba Diiwaanoo

"Lay laa illa Laahu, Jëlliilu Zikru Rabbaani"
Bi Laahi ku bañ xawsu, doo seerooti Yonnent ba naan
Lay laa illa laahu, leer gay jolli ba Diiwaanoo

Al hambdu li Laahi, sunu Yonnent bi doy na noo laay
Nee na yeen gëm yi, am ngeen ngënéél, Yàllaa ma wooteloo
Ngeen ñëw, japp leen ci laay-laay
Jàpp ak julleek woor la nuy sàlloo ba Diiwaanoo

Ab jant fenk na biir Yoof, guy gindik réér
Réylu ak way-réér la ñu fallas ca niiraan
Tee ngen a waaxu ñëw laaj Séydi boroom diinee

Tàmbur bu réy ba fa Buur Yàlla la ñuy jiin
Sunu yaaram bu tedd bi Séydi Ruuhu Rahmaan
Màkkaak Medina ba Saam ràññe na say leer

Sunu Yonnent ba mu bàyyikoo Beyti Maamur la feeñ
Yaraax la wàcci, gis ñi ko jàngoon te ràññeewuñu

Ñuy séénu kaw, Njool ma war Jàkkeer ja xuus ci seen biir
Julléeji Baay Laay, Yaraax werante, nuy wooloo

Yaaram bi tiim nga say maas, Buur Yàlla def na ko jéég
Sëriñ si bañ dañoo réér jomlu nde bonte ñu laaj
Xatmun tariixa bi Isaa ibnu Maryaamaa

Nooru Nabi nooru Issa ibnu Maryaamaa
Yaaram bi donn ngay leer, sellal nga yoonu lislaam
roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaan

Nun kay nu ngiy gaajo leeram yu tar yi nuy naan
Bañ yaa ngi nuy xas, da nuy sàbbaa, du nook ñoom
Looloo di seen diine, Séydi am nga rilwaanoo

Tàmmal nga say gune ñuy xam yoonu Yàlla bay mag
Yéénétunoo bayyi lislaam, yaa nu won yoon wi
Tàmpees na nuy tur ca Diiwaan, yaay boroom diinee

Farlook a dem jakka, fatte toppatoo ndaw,
Te boo soxlaa di leen pàmpe lii làyyoo la daan jur fa Saam,
Lileey mbasun diine roy leen Njool boroom diinee

Kuy xañtu lislaam te doo làkkal xaleel won ko yoon
Doo teela may gune ag buum, muy moyug tooñ ci moom
Loolooy mbasun diine, roy leen Njool boroom diinee

Bul xeeb wolof lee nga fàtte, deglu naa la ñuy wax
Xam leen ne bët da dul suur, dee doora gëm du ngënéel
Ñi daan werante Yonnent làyyo ji nañ Saam

Ku fekkewoon woote baak naaféq yaak ña gëmoon
Dellooti daw ngir ga bànneex, topp dunyaa ba dee
Ku dem ñu ngay réccu ngir làyyoo ba fa Saam
Limaamu Laay, Mahdiyu xayrul waraa Muhammadu
Bu ngeen xamul goor gi, moo feeñoon ca Màkka, muy baax

Mu dellu feeñ Yoof, Waa rééw may xëccoo yoonu Màkka
Dañoo xamul muj ga, Baay Maanaay boroom diinee

Loo tayyi ñakk nga, loolaa réccu fekk mu wéy
Nan daan bakken yi, te tuub sellal, ku réy da ngay réér
Roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaan

Mbooleem li fiy fooreya duñu dab Abdulaay bun Salaam
Laajam bu réy ba mu doon laaj Yonenti Yàlla Nabi
Te noon bu koy xam na ngeen tuub, booba mooy Mustafa
Mu waxko lépp, mu yéém ba waaru far tuub ci moom
Dellooti Xaybar naa tuub leen Muhammadu feeñ

Xaybar la yéefeer ya jéex ngir doj yu tàng yay dal
Malaaka yaay wàcc, Buur Yàllaay dimmëli sunum njiit
Roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaanoo

Yàllaa la yonni nga feeñ Màkka ñu bañ diinee
Nga sanc Medina, leer gay jolli ba Saam
Beyti nangul na la, Faas gëm na sa diine

Nga dellu feeñ Yoof, ñooña bañ diine
Nga sanc Kambareen, leer gay jolli ba Malika
Yëmbël nangul na la, Ndakaaru gëm na sa diine

Saa Baay Limaamu kiy njiit, Buur, Yàlla may na ko moom
Yaaram yi xam na ko, moo dekkal ngiram Nabi Laay
Jébbël ko Baay Séydi muy daaral pomu diinne

Yow yaay Liimaan, wa lislaam, wa lihsaan, la ka ridwaan
Saw tur la ñuy tampe, soo yeewoo tabala ya jiin
Laay laa illa Laahu, leer gay wéy ba Diiwaanoo

Sunu rombukaay bii di dunyaa
Bunu fi def lu nuy lor
Na ngeen xam ne goor gu feeñoon fa Màkka

Moo dellu feeñ fii ci Yoof
Moo nuy jàllé ëllëk
Baay Laay yày boroom caabi yi.

[2] Allaahu ma salli allaa Seydinaa Muhamadu

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

"Allaahu ma salli allaa Seydinaa Muhamadu
Salli wa sallim, yaa Rabbi, salli a laa Muhamadu"

Saa maam Limaamu wooté na
Ba "Lanbiyaayi" woolu na
Te Ruuhu Laay jiitu na
Di làmpu leeri Medina

Yaaram bu yiw bi wàcc nga
Yaa Ruuhu Laay tedd nga
Ku koy werante weddi nga
Su ma yabo ne sànku nga

Yàlla la yonni ngay Nabi
Ngay seen gënéél ginnaaw Nabi
Liggéey nga, am ngërëm lëmbe
Sa ñaari leer yi jolli na

Ñaari ngërëm nga boole, am
Nga ndam sa may ga yaatu na
Firdawsi ngay tëggoo junjung
Yaa Séydi moom nga tuumë ja

Gëm léen te woolu tey dëgël
Di sant Laahu kiy ndimmël
Buur Yàlla moo la may, Rasuul
Nu gëm ko woolu diine ja

Yaa xalla yoon wu réy wu yaa
Wu jëm ca péey yu magg ya
Sa ngir mi leer na noo ngi jaamu
Bañji diiné pertana

Fekkon nga yoonu diine sew
Ba néew ji doole yépp daw
Nga xalla yoon wi, yaa fi raw
Ku fonk jamu waaxusil

Goor ak jigéén di taalibe
sikkar sa riir fa baabu ba
Ba xol ya buur digaani ba
Amiin ja, doy na noo jubël

Xamxam ba raw na foore ya
Jaaxal na lawliya yi ya
Yaa jiité lanbiya yi ya
Diiwaan bi yaa di seen ngënéél

Yaa saytu diine jiy defar
Jullit yi, sant leen lu war
Ñiy xantu diine ngir sa leer
Ñuy topp téére ya di jiir

Ñi weddi Njiin dañoo xamul
Ki mën ci diiné, noo dëggal
Da ngeen a laajul kiy jubal
Nde moo di goor gu laabiir

Jom-jomlu jommi fey na ko
réy-réylu, réér it fey na ko
Xamul na laaj ñu wax ko ko
Ci yoonu diine mooy li war

Damaa gisul ku mel ni Maam

Limaamu Laay te dégguma
Ku wax ne Yàlla moo ma yonni
Moo ko wax nu woolu ko

Gëm seede leen ne sant naa
Ki tax ma seeru Séydinaa
Ba gëm ko, naa ko "aamanaa"
Ku woolu sant war na la

Sëriñ sa toppu tank ba
Saa bay Libaass ne maay boroom
Kuy xañtu weer ba jant fenk
Xamal ne leer ya wër na la

Njaal-all yeek njanaaw yi ñook
Garab yi boole gëm na ñoo
Nit ak jinney werante, noo
La woolu, Seydi tedd nga

Bu gaalug Baay Libaas riddéé
Ba gëm yi naani Kawsara
Kerook, ñi gàntu Baay Libaas
Di ñee ñi gëm ca kump ga

Ñi tëx te buur dañoo tëkkaale
Mahdiyook i walliyu
Ka wax ne Yàlla moo ma yonni
Kooka moo di Nabiyu

Araab yi ak Tubaab yi ñoo
Jëkkoon ci yoonu Nabiyu
Wolof di xaar mujjug jamaana
Maam Limaamul Mahdiyu

Yaaram ba feeñ na ciy leboo
Xërëm ya tiit na bay faboo
Boroom ngënéél la nuy xaboo
Yaa woote diine, noo wuyyoo

Subhaana maa ko yéénéwoon
Nu boole xol yi ndax nu man
di jéém a roy ñi jiituwoon
te aw ci yoonu Muhammadoo

Lu fiy jullit nu bokk Ndey
Da gaan ci Buur bi leeri péey
Ndax Buur jubal sunub liggéey
ci lampi leeri Muhamadoo

Yonnent yi wootewoon li laahi
dakkantalees na leen ci Laahi
Ku dee te doo"aduuwa"Laahi
di Abdalaahi Muhamadoo

Nabee dikkoon ne jaamu leen
Yonnentub Yàlla ñeel na leen
Ku weddi kii dawal keneen
Te génn yoonu Muhamadoo

War ngeen na xam ne jangu neen
Te jëfewoo ko moo di ten
bu teey bu neex te doo ca naan
Gojam ba ñeel na Muhamadoo

Moo tax ba Baay Libaas ne leen
da ngeen di wax te laaju leen
War ngeen a gaaw ma àtte leen
ci yoonu Diine Muhamadoo

Xamxam ba woon ca Mustafaa

Du jéex te lënt nekku faa
Bu kaan sottee mu tuuru faa
Lu mankewul la Muhamado

Araab du jël wolof déjoo
Ndax gëm yépp janguñu
Ñi mel ni man dañuy béjoo
werante sarti Muhamadoo
"Laa ilaaha illa Laahu Muhamadoo
Rasuulu laahi waahidun
Rabbul Jalliilu Maajidun
Salli alaa Muhamadoo"

Yaa feeñ ci Yoofu gééja waay
Sa tur wi siiw na dootu fey
Boroom jamaano maa la woy
Nga may nu, dig nu, doo naxe

Sëriñ sa jang Alxuraan
Ba xam "Chariihatu" ak cosaan
Ki Yàlla yonni fii Zamaan
ñu bañ ko, xaw ma seen pexe

Giñ naa ci Laahu kiy Boroom
Ibnu Maryaama yaa di moom
Yàlla la tann doo moroom
Ñi gëm te woolu ñoo texe

Diggënte Beyti Maamur ak Yaraax
Diggënte boobu dànd na
Te lef ma yaa na, Ruuhu laahi
Ngawar la, naar wa pepp na

Njool war na gaal ba dem Yaraax
Boroom cosaan yi teeru ko
Da ñoo xamul fumoo bawoo

Ngëlëmte ñaaw na, metti na

Jullee na tàkkusaan Yaraax
Jàkkeer la war fanaani Yoof
Jullee fa Njool ma, gëm ya naa
Ko, Ruuhu Laahi, doy nga noo

Ba Maam jogéé, jëm Jamma Laahi
Ñi gantu woon xëccoo na koo
Ña wuyyuwoon Madiiné Laahi
Ci yoonu diine yobbu koo

Bésub keroog la gééj ga neex
Ngor ak, Wakaam ya seede koo
Caaroy, Ndakaaru, waa Yaraax
Ñu naan ca mbeex ma, jaale koo

Haalim ya jomlu, gééj ga gëm
ba jox Madiine ak ruu-am
Lu tee werante fey, nu gëm
ba gaa ya jiituwoon texe

Jirim ya jooy na ba sëngeem
Njool ma ñëw na, seen rongoñ ya fer
Jullit yi wéétoon bay xelaat
Donoy Madiine wàcc naa

Raxas xolam ba muy fayaax
Lu cay lu bon mu rekki koo
Mu mel ni saaba door a baax
Lu cay lu gën mu dolli ko

Ku déglu saari Alxuraan
Ña gàntuwoon la fay tëkkoo
Ñi jomlu diine ngir kiñaan
Malaaka yaa ngi leen ëkkoo

Ku nekk fooreyë boo nuyoo
Sa mbooti xol mu ràññe ko
Kerook mu jam la doo feyyoo
ba loo xamoon nga fàtte ko

Ni baay Libaas di def "rijaal"
Bu dee mbëriit mu daane koo
Mbiram manee fu ko misaal
Ki gëm te woolu xam na ko

Li Yàlla sante doo ko jaas
Ku farluwul nga jéppi koo
Taasanxa diine, yaa ko daas
Ku bañ nga rendi sañ nga ko

Ku làmb saa buumi cofeel
ci Baay Libaas, na bàyyikoo
Bu wooluwul ki nuy texeel
Guddeek bëcëg nu muslu koo

Samag cofeel di law ni ngooñ
Ku saytu paaka jublu koo
Nu ñaan ci Buur bi bañ ku tooñ
Musël ga yal na jiitu koo

Sa diine dootu fey wallaay
Yàllaa la woolu jox la koo
Yow it nga woolu Ruuhu Laay
Mu jiitu, gëm ya topp koo

Séytaane mel nikkik fital
Di takk jëm ci buumu xol
Damaa bëgoon lu may ragal
Nga mey ma tul gu may "sawe"
Ndax waaji man damaa léjël

Ba mel ni kul ma fëkk jël
Moo tax, ma ñaan si sam ndimmël
Ndax mbër nga, yow man nga ma rawe

May ndaw lu tollu cig bëggam
Muy dox di yonni ay ndawam
Yu bon di sante aw xambam
te xaw ma boor bu muy xawe

Sëriñ si mar na bay xundooñ
Ñu dem ba Màkka weesu koo
Ma jooy rotal samay rongooñ
Da ñoo gëlëm te rééré ko

Ku weddi ndaw te laajuloo
Bu ngeen làyyoo mu sànk la
Ku Yàlla yonni, ngay jotal
Mbindééf yi, booba wacc nga

Ki sot xalima, soos daa
Tektal yu woor la daa xalam
Ña saytu téére ya gëlëm
Nde boon ñu ràññee aw meloom

Kurél bu yiw bi fawxa ngeen
Ku dul yonnent bi ñee na leen
Lu jiitu tey la Yàlla noon
Di ngeen sujjoot ci Muhamadoo

Li ngeen di jëf, li ngeen di wax
Li ngeen di jorta wooru maa
Li ngeen di lééb la Yàlla wax
Amaana moo di àtte ba

Jullit yi maase ngeen ne Njiin
Sore na waaye dektu na

Li ngeen di waa ja léép malaaka
Daldi saytu tàmpe ba

Mbooleem li fooréyiy yaxal
Du ñu fi def lu gën jubël
Sikar te boolekaak matal
Jullee ka ñaan ci Muhamadoo

Bu nuy siyaari Jàmmalaay
Yooryoor ba Maam nangul na nu
Guddik diiwaan la gëm ya yéék
Kerkeraani Muhamadu
Da noo gisul ku mel ni Maam
Limaamu Laay te déggu noo
Ku melni Seydi dootul feeñ
Ci dun bi woor na kiy fexe

Ñi gëm te woolu noon na seew
Nga woote, yow ni yonni ku
Ku bañ sa diiné dey ku beew
Jëfam ja Yàlla xoolu ko

"Baxril buxxuri Mustafa
Wa laa nafaasa xad kafaa
Li kambareen wa Yoofa haa"
Si lim bi nuuri Muhamadu

Yonnen bi won naa num ngirëm
Xallal nu yoonu Ajjana
Nu santa Laahu woy Rasuul
Bu yiw bi saytu caabi ja

Nabee waxoon ne saa ginnaaw
La waay di ñëw di leen fi woo
Liggéey ba faw yool ba néew
Du tol ni yoolub Muhamadu

Xam ngeen ne jaam bu bañ Boroom
Du am taränga am ngërëm
Te yoonu laaxiraam, xelam
Du dal, du am ku ko yërëm

La woon fa Màkka ak Medin
Ñoo ka boole Jàmmalaay
Ba suuf yëngoo leeri Jabeel
Ya "turné" wéy fa sowu ba

Yàlla la yonni ngay ndawam
Nu gëm la soobu ci ngirëm
Te Yàlla daal a fiy Boroom
Ku bañ du tee nga di laram

[3] Xundooñ ngeen Njiin na ngay fellax

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Xundooñ ngeen Njiin na ngay fellax
Ku mos, muy géej gu neexum ndox
Ku nann, bilimbaane, dootoo dox
Di saytu sa ndaa di rootaani

Te Muhamadu moom riñaanoon na
Fa Màkka ba Njool ma jalloon na
Limub asamaaw ya déggoon na
Fa Yàlla la tiiñ ka jàngaani

Mu dellusi jànx, dem faati
Ki làbbali yoon wi moomaati
Bu leen bañ céébo maa ngeeti
Ku bañ wile waame xaaraani

Wolof nga nu feeñu bés nikki tey
Wolof laa nàmp woy la ba tey
Liggééyal Yàlla moo gëna yay
Mu sant nu, noo ciy kontaani

Ñi rééroo sànku ngeen ku ci bañ
Ki Yàlla yabal, waxam ja du deñ
Te Mahdiyu mooy boroom sañsañ
Te mooy ubbi "baabu jannaati"

Mahdiyu laay fajal na nu mar
Ba Njiin wootee la foore ya wor
Sunub sang jooy na, Saaba ya xar

Rogoñ yay "baxru rahmaani"

Tanxal na ca soppe yaak bañ ya
Junniy junni naan ca leeram ya
Nit ak jinné woo na leen dunyaa
Ngiréék ñuy jaamu Rabbaani

Ba Njool may waaja feeñ ku jubul
Ka jooy fa safaan ba, jaam ya yëgul
Niiraan jooyle kook ya mu sol
Rogoñ yaay "baxru Zulmaani"

Labal na ca lenn ciy fooréya
Bu ñuy firi boole seen tor ya
La ñuy firi wooratul jaam ya
Ba Njool ma ñu jiñ ko seytaane

Ba Mahdiyu feeñagul amu fi
Ku fiy wone yoon wu jub néwu fi
Li Yàlla bëgg ak li muy tere fii
Lu ngeen bañe Baay Libaas la ne

Barib xamxam taxul mana dem
Siraat am ndok la, bés bu ñu jëm
Ki fiy wone yoon wi moo mata xam
Te farlu ca laa mu santaane

Ku tektaluwoon ci waa ju gëlëm
Da ngay mujjé réére mbir ci waxam
Ku réére jamano, doo mana xam
Boroom a nga leen di dénkaane

Xëccoo leen wéétëluk Fari ja
Bu leen jàngaani ngir daraja

Yonnent, foore ya mooy dono ja
Ségém rombul ndigël daa ne

Da nuy tagg Njiin boroom jamano
Ki woote, nu woolu kay naxu nu
Da fay gindi ruu yi booleek nun
Nu dellu ko sant "hamdaani"

Bu leen xeeb jaam bu aw ci ndigël
Ndigël du ndugël, ragal nanu bël
Boroom gaal gi moo nuy jël
Yoobu nu péey ba nuy naane

"Al hambdu li Laahi Maaliku naa
Wa salli a laa Muhamadu naa"
Ku lay mana sant man raw naa
Ndegam du ka siiwé "alfaani"

[4] Badaa xuruubiyu samsan Wa anta Mahdiya Laahi

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

"Badaa xuruubiyu samsan
Wa anta Mahdiya Laahi"
Boroom cosaan ya ko jàngoon
Da ñoo xamul Nabi Laahi

Boroom junjugn ya fa Màkka
Moo moom junjungn ya fa Taayif
Boroom junjungn ya ca Firdawsi
Moo di Baay ñangu Laay

Bu gaalug diine ga teeree
Ku ñaanul paas di nga tardee
Limaamu "safinatu saadati
Xawsu nixmatu Laahi"

"Imaamul il mursaliina
Wa xaatimu nabi-iina"
"Liwaa-ul hamdi" nga tàllal
Nu gis ko gëm Nabi Laahi

Ku naw sa àlluba weddil
Te ñëw mu won la nga daanu
Mu sol la leer ya nga sàbbaa
Ba naan Alhamdu lilaahi

Limaamu Laay, ba mu wootee
Fa gaaña rééré fa sowu ba
Yatam wa dal, mu ne tuub leen

Ba gaa ya nooy Na bi Laahi

Limaamu Laay ba nga taaloo
Ba leer ya jolli ca biir Yoof
Lëndëm ga daay na ba naawal
Xérëm ya, ngay Nabi Laahi

Boroom xérëm ya da ñoo gaaw
Tabax jumaa ja ca xeer ya
Mbaaxam ga tax na ñu booloo
Ne laa ilaaha illa Laahu

Toxal nga biddaa ci sa diiné
Nàndal nga mag ña ca leer ya
Làkkal xaleel ya fa nekkoon
Ñuy xañtu diiné "li Laahi"

Yaay gééju leer gi di baawaan
Dekkal nga xol yi fi deewoon
Ku aw sa ngir mi fasoo naani
Tuubaa, woolu na Laahi

Biddiw ba xotti na leer ya
Sa lay wa jéex na fa jaam ya
"Illaa bi hadrati man xaala
Ajibuu daa-iya Laahi"

Nit ak jinne la ko boolee
Goor ak jigeen na ñu jaamoo
"Balaxta sawta ka sarxaam
Nawarta xarba li Laahi"

"Balaxta sawta ka yamiin
Balaxta sawta ka jawfu

Muhyi fuhaadi faxiira
Ibaadi najiya Laahi"

Li Yàlla sante jaamam yi
Fooreeyaa ko di juuyoo
"Jasaaka Mahdiyu Laahi
Wa fayta huduuda Laahi"

Yaaram bi nee wuloo"baa"
Yaarambi nee wuloo"siin"
"Anta miftaa u bahril
Uluumi bi Bismi Laahi"

Sunu Yonnent ba mu faatoo
Werante waa nga ca réér yaa
Da ñoo xamul xalifaam
Seydinaa Isaa Ruuhu Laahi

Ba mu bawoo béyti Maamur
Saxaar la war ba Yaraaxoo
Boroom cosaan ya ko jangoon
Da ñoo xamul Ruuhu Laahi

Waxtaan na faak ña mu andal
Ba jiite leen julli ñaan
Sunu Boroom defal na ko ñaanam ga
Muy "Wixaayatu Laahi"

Sangn gi Yàlla Sangneel la
Fa noon ya ak Nasaraan yaa
"Tamuru bi xaybati him
Zu kiraamti, inda Laahi"
Jirim sëngéén ñetti fan
Ba Njool Medina ñëw la ñu reeo
Mu bégël jullit ña ñu sabbaa
Mu daagu jëm Jàmmalaahi

Ñu raam sujoot, ba ñu noppee
La seen rongoñ ya di maayoo
Njool ma jullée sunu yaaram
"Nazalta yaa Ruuhu Laahi"

Kerook la géej ga di sàbbaa
Lewet ba gëm ya di naanoo
Ku naan ca teen ba di sàbbaa
Te sant Baay Ñangu Laahi

Buur Yàlla woo na ko Péey bub
Ku dootul moom du fa jaaroo
Mboole mi ndéey la ca gën
Muhamadoo ko déglu fa Laahi

Ngawar gu réy ga nga naaweek
Buraax ba dem ba ca Péey ba
Noonam ya koy bëgg roy
Seen masin ba sew na fa Laahi

Sa waay du jàq du jaaxle
Lëndëm gu tar du ko laaloo
Leeram ya doy gëne jolli
Mu am "ridwaanu li Laahi"

Laa ilaaha illa Laahu, du nu sàppi
Ngir mooy junjugn ya ca Péey ba
Yal na mujjug sunu "Kalaam"
Di laa illaha illa Laahi

Laay laay la laa illa laahu
Woy leen Jabeel ma ca leer yaa
Limaamu Laay li nu lay woy
Du jéex du xaaj dunu tayyi

[5] Jantub diine lislaam

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Jantub diine lislaam
Da ngaa fenk ñuy miim
Nu gëm woolu leer yaa
Ngi baawaam fu ne

Baay Laay ngeen ne jangul
Mu woo leen, ñu gàntal
Ginnaawam ga daaneel
Fi haalim ju ne

Jinnéék nit la woowoon
Ci diinéém, ku teewoon
Te doyloo ko diiwaan
Nga doy ko lu ne

Da ngay jantu njolloor
Ñi gàntoo ngi ciw guur
Te lii woor na kuy gor
Ci diiwaan bu ne

Rasuuloo ilaahi
Ibnu Abdulaahi
Moo leen woo wa Laahi
Madiine fi ne

Yàllaa magg mooy Buur
Turam woowa nay riir
Ba seen xol sangoog leer
Mag ak ndaw ku ne

Rasuuloo ilaahi,
Mahdiyoo ilaahi
Bi Laahi wa Laahi
Ku bañ "perta" nga

Na ngeen déglu baat bi
Da may woy Yonnent bi
Booleek sant Rabbi
Te moo war ku ne

Wolof yooya laa miin
Te moom laay wuyoo Njiin
"Sekarteer" amul yoon
Ci Yonnent bu ne

Al hamdu li Laahi
Wax ko war na noo
Ngir moo feeñal Yonnent
Ci biir xeet wu ne

Géejug leer ci Soodaan
Xamul yaa ngi rootaan
Sangoo leen ko nuy naan
Moo gën ndox mu ne

Seydi Ruuhu Rahmaan
Donoy Mahdiyoo
Ba yaaram ba làqoo
Ba tey yaa fi ne

Ba muy woote diineem
Te ñuy bañ tariixaam
Nga dib taaw di seedeem
Ba tey yaa fi ne

Da ngaa jub, sa ñoñ jub
Woyof toyy niw xob
Di jambaar def ub tab
Siggil yaa fu ne

Daraapoo bu lislaam
Bi yaa ko ame
Bu leen yoon wi rééréé
Nga sañ ko wone

Boroom xeej bi yaa jaam
Ñi daarloo ci xamxam
Ci seen kow nga jël ndam
Siggil yaa fi ne

Da nga yiw, yéwen taaru
Doy képp kuy waaru
Séydéy boroom daaru
Yaa koy wone

Ku doyloo sa xamxam
Ba laajoo ñu gënë xam
Do taggook i jamjam
Yu réy wet gu nee

Baay Laay gééj gu dul jéex
Te raw lem ci ag neex
Te lamboowul ag tiix
Tanxees a koy wone
Setal seeni ñaaw ñaww
Nandal gaa ñaa ñuy soow
Xanaa xaw na ñoo naaw
Ku man dey wonee

Ku lay roy ci bi "xarnu"

Feeñul wonee
Da ngay njiit ci lislaam
Bi yaa leen tanee

Gënël ngë nu nuy ndey
Gënël ngë nu nuy baay
Te yaa gën sunuy maam
gënël nuy junné

Ku lay bañ du kontaan
Lu waaj waaj du waxtaan
Bu walle ñu reetaan
Lu man man mu ne

Ba Njool may taxaw
Ben si tey ngay xaree
Te wéeroo sa gànnaay
Muy dal saa su ne

Jiyaar jii si baatin
Bu doon "Zaahiroo"
Ñu janloo nga daaneel
Ci goor ay junné

Ay jambaar nga andal
Ku lay sooru gental
Sa gànnaay ya koy dal
Du wér bay wunni

Liggéeyal nga Yàlla
Liggéeyal nga Baay Laay
Ba jot seen Ngërëm
Doo fi maasun gune

Ndawal Buur ku bañ weej
Ku réyréylu sew ruuc

Soppeem yaa nga noon
Ngééj ñu xam faa mu ne

Li tax diine yaa suux
Ba Yonnent jëkkee juux
Boroom tééré ya xoox
Di bañ wet gu ne
Tawreet ak Linjiiloo
Saboor diig nanoo
Furxaan teew na gàcceel
Ña noon nii du nii

Ñi daan bañ Rassooloo
Siraat ñooy rëpéél oo
Tuubéén ñaa ko doyloo
Batey ñoo fi ne

Bu dul konte Baay Laay
Lëndëm sank fuy gaay
Ki tax ngeen di laay laay
Yàllaa ko yonni

Da nuy ñaan ki nuy mey
Mu yobbël nu buy doy
Ba cik mujj nu far wéy
Ci ngir mii nu ne

Sañseel gëm yi ñuy bees
Giroo ngir mu tek lees
Booleek ndééyi depess
Yu jëm péey bu ne

Baal niiw yu wéy ya
Jéggël gëm yu teew ya
Ña làqook soppeem ya
Si nit ñeek jinné

Dundël diine lislaam
Ci barkeb Yonnentam
Di njiitam di soppeem
Da koy may lu ne

Da daan rey di dekkal
Fu lëndëm mu leeral
Ba géej wéx mu wéxal
Ñu naan saa su ne

Ay kéémaan nga andal
Te say seede jéexul
Ku laamlaami laajal
Ci mag ñii fi ne

Li war yeenu "haalim"
Ci bii "xarnu" mooy xam
Boroom, boole kook gëm
Te aw cim ngirëm
Yeeteetoo ñu yeewoo
Xanaa ber sa saawaa
Sa ñoñ nàngni faawaa
Ba réér cik lëndëm

Bakkan jartil loolii
Da ñuy dee ñu suuli
"Fa la sakk xawlii
Axiixum hikam"

Da nuy sànk njalbeen
Jëndeek mucc, mu lew leen
Fa firdawsi nuy béél
Ku nekk taabalam

Ku dem Tuubaa gis pank

Yay daagu dox ndànk
Luy loolu seen tànk
Yay temtemi

Yaram yépp koy yëg
Kawar yépp koy yëg
Muy banneex bu dul dog
Bu dootul yeme

Su Buur Yàlla santee
yonnentaam mu wootee
Ku wuyuwul bu sottee
Nga réccuk mujjam

"Fa yaa ahlu soodaan"
Yonnent feeñ na woo leen
Da ngeen gàntu nee ngeen
Du moom, noo ko gëm

Bu dee fooréya, lay jeex
Nde tektal ya day weex
Ca téérééem, da dul neex
Dey jeexal xolam

Ku fiy jaaxle laajal
Ñi xam ñoo di tektal
Ñi séytaane rééral
Ba tax ñoo gëlëm

Njiinoo njiin jibul neen
Njiinum Yàlla raw leen

Ëllëg teel ñu laaj leen
Fa Saam ak wallam

Ku bañ yërmëndey Buur
Kerook moom lañuy door
Mbugal wër ko muy nuur
Du taggook loram

Yonnent baa mu woottee
La saabaam ya footee
Ku noon "aamanaa"
Tey nu laabal xolam

Ci saabuy Boroomam
Saxoo tur wa mooy xam
Xalam muxjizaatam
Te fàgguy ngërëm

Yàllaa yonni Baay Laay
Ci nit ak jiiné
Na leen woor ne Séydéey
Borom "xarnu" bi

"Allaa-uma salli
A laa xayru rusli"
Ñi Buur tann boolee
Ñu sëlmël ci ñoom

[6] Siyar naa la Baay Laay

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Siyar naa la Baay Laay yow mi doyloo sa Buur, woo ma
Siyaar naa ñi and ak yow, digéék yow ki am worma

Sa Buur baa la doyloo sol la leeram ya ngay woote
Siyaar naa la yow Baay Laay, siyaar naa ci say Saaba

Ku siyaar sa xol dootu wow, dey tooy ngireek mar wi ciy baawaan
Ku yaakaar ci yow doo sooy bay dellook merum awmaa

Nabeey gaal gu réy guy jallé mooy Maam Limaamu Laay
Ku am gaal te am say mool, ne looy tiit fa jàllu baa

Nabeey géeju leer, duusam yu réy yaak na ñuy bëbe
Njanaaw yaa ca naanoon leeri waxyoon la ñuy sabe

Al hamdu li Laahi, nuy sant Buur ngir ga Maam Libaas
Sunu soppe, soppe Laahu, Séydee di xejj ba

Ku diis yaa ko yan Laahu, sa Yonnent ba seede ko
Sa yan boo ma yan ñaan naa la dooley na may fabe

Jullit yeen ñi gëm Baay Laay dëggël Seydi kiilu ngeen
Ku si weesuwul buntam ya booy fëgg muy ubbi

Rafet gëm ci Baay Laay moo di jééma roy ciy jikkoom
Waxew yiw, jëfew yiw mandu moo gën ci taalibe

Ku xemmem ndënal ñoñ Yàlla da ngay déklu woote ba

Nga am xel, te am teggin, di toog ak ñi koy tibbe

Te bul déglu gaa ñi regg bay dox di puukëre
Lu dul diine duy teggin, dañoo mel ni ñuy sebe

Ba Mahdiyu woote gaa ña jiitiwoon dañoo rawe
Ba tey ñu ngiy daw, may daagu ndax man dinaa dabe

Ma dib lar bu dib laayif, te def pank muy tooñaan
Ba saay wax ak saa jëf, seen bon gi tiital ma

Damaa soobu cib gol, sopp gànnaay, ragal namaa
Lu fiy daane, booleek rab yu bon yeek na ñuy tëbe

Ma jébbël la saay mbir, yow miy njàccaar ma silmaxa
Tënëxtooti may réér, am tum bi ommat ma

Li nuy sàkku ciy bon bon, ba tee noo rafet fa Maam
Lu tee noo labat baaxam ga ba weesu dénd bi
Ragal naa sa may jëf, xawma jan jëf la nuy mujje
Bu yemmook ju ñaaw muy coono, saa san la ñuy ñibbi

Bu leen deeti xeeb kuy woote, Buur Yàlla moom du ñëw
Dafay woolu ay soppeem di leen yonni woote ba

Ku dem pénc may làyyoo da nga weddi woote ba
Nu faf gëm Limaamu Laay mi xam yoonu jàllu ba

Da noo bon te nééwuk jaamu, nan seeti Muhamadu
Ci dunyaa, na ngeen seet Maam Limaamoo di jàllu ba

Man dey xawma waa dunyaa lu ñuy bañ ca woote ba
Nde Baay Laay li muy digleek a wax, moo di jàllu ba

Di leen japp tey sellal di laay laay fa jakk jaa
Li Baay Laay di diglé ngoog, looloo di jàllu ba

Di leen wax ci seen mbokkum jullit wax ju teey ju baax
Li Baay Laay di diglé ngoog, looloo di jàllu ba

Di leen xool ci seen mbokkum jullit xool bu teey bu baax
Li Baay Laay di diglé ngoog, looloo di jàllu ba

Guddig "Leylatul israahi" la jaaroon fa jàllu ba
Ba déeyook Boroomam Laahu, may gaa di jàllu ba

Siraat gééj gu réy ay duus, te dey xiiru noonam ya
Nu ngiy gëm Limaamu Laay mi nuy jalle jàllu ba

Dafay xool Boroom tangaay wa, feyloo ko beelem wa
Nu ngiy gëm Limaamu Laay mi xam yoonu jàllu ba

Boroom mey yu réy, dey joor nu tàllal sunuy ndijjor
Ba maanaam li gééj giy fuur, te ya raw tabeel mey ma

Ku am saabu, am ndox tax nga naaguy ñimeñ taq
Da ngay kum xelam des mbaa nga xés wuyu woote ba

Bakken def na noon buy wor boroom def ko muy barmool
Digaan leen nu sàkku man bakken, won ko fiy ngir mi

Sëriñ seeti leen seen téére, niiraati Mahdiyu
Bu ngeen ràññewul Baay Laay, Limaamoo di xejj ba

Sëriñ dénca leen seen téére ñëw laajsi Ruuhu Laay
Nabiyu Lummiyoo feeñ ci Yoof, moo di jàllu ba

Ku ci woolu sab xamxam ba yaakaar sa alluba
Ba tax ngay jundum gii gééj, te doo jàll jàllu ba

"Salaatan wa tasliiman alaa Seydil waraa"
Maam Limaamu Laay leeram ya moo raw yu jant bi

[7] Jantub diine yaa tiim gaayu gëm yaa

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Jantub diine yaa tiim gaayu gëm yaa
Ku mar di nga naan ci géej leer yaa ngi baawaan

“Al hamdu li Laahi Rabbil aalaminaa”
Ndégem noo gëm ki Yàlla yabal jamana

Addina yaa ka mane gan doo nu naxtaan
Nu ngiy yaakaar ki nuy mane gane ca Rilwaan

Da lay mane gan te gaaw berndeel la gay béén
Mu njuuy la nga daanu cim kan rééré ak neen

Sagar ak i yax, lu leen gënë ñaw la dooréé
Ku kay bëgg miim, bàmmeel seere ñaaree

Bu leen ñétaan, ki àddina jay ba dooleel ko
Dina wor, dina njuuy, àddina maa ka tuumaal

Bu leen réyréylu, réy Laahoo ko yelloo
Ku réylu ba dee malaaka ya jël la sewloo

Ba Baay Laay wootewul dunyaa lëdëm na
Gërëm leen goor gi moo ame leeru diine

Ku xam Baay Laay te xam Nabi Laay ne mooma
Mahdiyu Nabi Laay a feeñ, moo woote diine

Jullitoo wooluleen, sang féñ na Soodaan

Ku Yàlla yakkal nga suur, na nu jomb xaaraan

Mbindééf dina xool, di njéér te du gis ngëneel ya
Ba Yonnent feeñ na ci biir Yoof, noo ngi jaamu

Mbindééf a ngi ñuul, te làmboo leeri Yonnent
Ba leer yi di tuuru ci gééj, nuy naan ci mbeex mi

Ku am xamxam, te ragnéé leeri Yonnent
Da nga wara xam ne séydéey jiite yoon wi

Sang Soodaan nga, Seydi donay Madiine
Bu leen laamlaami, goor gee woote diine

Limaamul Mahdiyu Soodaan Yoof la feeñ
Wallaay Laahu la soob du danu ko jiiñe

Du jang ci tééré, du ci xalimaam, du daa ja
Kiñàne dafa réy, nde boon ñu ne moo di waa ja

Ba Nabi féégné, ca Màkka, ba leer ya baawaan
Xérém ya tasaaroo, Nabi tere leen bidaa ya

Ku gëm Nabi, gëm Limaamu Rassuulu Laahi
Gëlëm dafa réy, nde Kaaba ga, Jàmmlaahi

Ba Njiin feeñé ca Yoof, bañ yay kalaame
Ndaxam da ñu réér, nde Yonnent, moom du sànkoo

Bu doon, ku fi féñ ñu agga fa laaj ko yoon wa
Bi Laahi du ñu réér, nde sàmmaan miin na saawa

Bu leen ñétaan buuri dunya ki liitam
Juddook dee moom ku koy def, Buur du nawleem

Sikkar sa di riir, bañam ya naan lee mu sànkoo
Mu naan saabaam ya asal du ma seeru Kongoo

Ba Njiin waree gaal bañam ya di ree, jawaanoo
Ba saaba ya naan ko Njiin doo teeri bàyyi nu

Rogoñ ya di tuuru, bu doon wurus it di marjaan
Ginnaaw jooy yooya, Laahu yaa di Rahmaan

Ba gaal ga bañee ca Béér la ñu gëm, jalooréém
Ba Kongo Belseek Wiirwiir gnoo koy dégg ndéém

Xayartu Madiine, Baay Laay, jeul na ndam laa
Ku dem Ilayiina, muy jaayook njañam laa

Ba Njiin feeñé, la robiney leer ya baawaan
Ba rééw mi limbaane, Soodaan dootu naanaan

Tanxal nu ci yol mi, yow miy Njool nu naanoo
Ba mandi ci leer yi, Baay Laay yaay limbaane

Ku langook ñaari yol loo deeti rootaan
Da ngaa wara naan, di sangu say bagn di ñéétaan

Bëcëg la ko Buur ba woo, ba mu réér mbindéef ya
Sëmbéél ko ca gééju leer ya, mu dem di taaya

Yabal ko mu woote diine ba samp raayam ya
Sañséél ko sa leer ya muy jaayook binnéém ya

Bu daa bilibaane, ñuy gaawtook a foofaan
Malaaka ya door xérëm ya ñu weesu foofaa

Baay Laay woote na, wàcc na, moom jotal na
Mbindééf yay jaamu, mu tiim leen, seede gëm ya

Ba gééj sàbbaa, Aras yëngou, woor na Baay Laay
La seen pexe jeex, tereetu ñu gaa ña Laay Laay

Sang da nga taaru, tabe, ku la séén daldi maaree
Rafet gaw gaay, xanaa marjaan nga dooree

Da nga tabe, muñ, di jambaar, doy nga waaroo
Rafet ngab yar xanaa baatin nga dooree

Da nga rafetal sa diine ba tey ma woy laa
Ku fiy ame diine, Baay Laay jël na ndam laa

Li nuy bon - bon di saw gaay, yaa nu wéétéé
Boroom Ridwaan sang bi yaa nu jiitéé

Da ñu noon wird ak sikkar dina fey ca sowu
Limaamoo woon, te mu nga war gaal di joow

Ba pake bay déqi ba pat may xotti mbeex ma
Malaaka ya naan ka Seydeey jiité soodaan

Ba tey leer yaa ngi baawaan rééw mi fess na
Ñu ngiy laay laay, di roy Baay Laay ci diiné

Baay Laay noon na Séydeey jiité gaa ñaa
Ku bañ Baay Seydi na nu jox, maa ko wooloo

Boroom "Ridwaan", ku la woy naani Tuubaa
"Al hamdu li Laahi Rabbil aalaamiinaa"

"Al hamdu li Laahi Rabbil aalaamiinaa"
Sangub jamaanaa ngi, Soodaan woy ko lay jéex.

[8] Bi Bismi Laahi ma deeti woy Madiné

BISMI LAAHI RAHMANI RAHIMI

Bi Bismi Laahi ma deeti woy Madiné
Wolof la may mottalikoo saa yéénè

Tey ba ëllëg nuy wuyu Maam Limaamu
Moom ki nu woo ci ngir mi, ngir nu jaamu

Al Hamdu li Laahi, nuy sant Buur ba
Jaglel na nu sang, tabeel ndijoor ba

Séydi Limaamul Mahdiyu taabeem ga
Jéggi na waame, raw ginnaxu géej ga

Dogoonkoon ak Mahdiyu laay mi woote
Kuy jééma leeral mbir mi yaa koy wuute

Waxtu wu jot nu jàpp, ken du tiimoo
Lottal na Lawliya yi, noo ko moomoo

Sikkar guddéék bëccëg ni riiru géej
Yonnent jagoo nay juñjungn du ndiij

Nu sant doomi Alsaan ak Seyni
Moom ki nu woo ubbil nu yoonu diiné

Moo jëkké fi lakkal xaleel yu tuut yi
"Wal ixtixaadi sawjan lil banaati"

Ponki julléék njapp mi ngeen màggaale
Fu ngeen fi jëm, Yàlla di seen àndaale

Goor ak jigéén, mag ak ndaw xaleel
Jaamu gi, noo si maase, naaj ak teel

Ku Yàlla yonni, noo ko mos ni siiw
Loo wax nu woolu, dootu nun di beew

Bu leen werante, baatu goor gi siiw na
Nit ak jinnee ko déggandoo te woor na

Baay Laay ne "Aajibuu daaya Laahi"
Muy wax ja woon ca yaa Rasuulu Laahi

Moom bés bu ne mu mel ni gan, nuy teeru
Ñi gëm te woolu saa su jot ñuy waaru

Mbooleem sëriñ si, raw na leen si waare
Tereek a digle, lii la Njool ma doore
Mbooleem ku fuy teyteyluy laaj, déggoon na
Waxam ja démb, tey donnaam ja teew na

"Sayaaratun daabatun Ruuhu Laahi"
Yàllaa di tax nga war ko waaw wa Laahi

Gis texe, maa le seeru, man kañ naa la
Gëm mucc, weddi alku, woolu naa la

Yaa wax nu dégg, jëf nu gis, mbër waadaa
Wuutewulaak doomi Maryaama Soodaa

Diggënte Beyti Maamur ak Yaraax
War nga fi daaba, muy ju gaaw, du xoox

Jub nga Yaraax, labbe ya doon la teeru

Sa làmpi leer sëggël na leen ñu yiiru

Nga wàcci war Maanatu Laay jëm Yoof
Jullee fa Njool ma, boole doom ya uuf

Say "muxjizaat", lottal na gaa ñay séénu
"Wa lan yaruu mislu ka yaa lamiinu"

Ku mos di weddi, yaa ko won mu seeru
Ku fuy tëbëntu ngay jiñax mu jooru

Kerook ba Maam ñibbee fa Jàmmlaahi
"Xad hayaru ashaabau fi Laahi"

Déelé bi suuf ak asamaaw yi ñoom
Jooy na ñu Njiin, jooyi guneek seen maam

Gééj ga di jooy, rongoñ yu tey yu neex
Ku sëgg naan, ba siggi waaru giix

Fekkoon nga mbooleem gëm yi jooy ba jéex
Sab taxawaay tax na ba seen xol féex

"Ibnu Asan Séydinaa Limaamu
Abu Issaa Ruuhu Rabbil xadiim"

"Man xaala ajibuu daaya Laahi"
Amul keneen ku wax waxam wa Laahi.

"Wal mujrimiinal musrikiina naaluu
Xusraanu inda diina kum maxfuuluu"

Bu leen ragal keneen ku dul Ilaahi
Ak Yonnentam ba doomi Abdalaahi

Mbubbum ragal, Yàlla fu gën baraaya
Moo gën sujéé ka dox di bif daraa ya

Ruuhu Ilaahi, kiy donoy Rasuulu
Ibnu Imaamul muntasar, laa woolu

Ñay mbër ca Yàlla, seeni yan nga boolé
Saa sépp man, dinaa la ñaanal doole

Abaabakar, Umar, Usmaan, wa Aliyu
Yaa boole seeni mey di jiite gaa ña

Kuy jééma gotti saa mbër it bul naagu
Ndax wéqu weén tereetul ñay wa daagu

Ña wuyuwoon Yonnent ca ba mu woote
Mu japp gaa ña, boole xol ya footéé

Ku fuy tëbal ci Yàlla jii jamano
Na gëm dogal ba, mbaa du weesu daanu

Ku weddi alku, doonte "lawliyaawu"
Nit ak jinné si yam, na ngeen si yeewu

Yàllaa ma yonni, moom la wax fa Yoof
Ba Njiin jibéé la bokk yépp keef

Ñu naan ko wax ji réy na yaa Limaamu
Mu yékki baatam ba ca kow, ñu yéému

Jàngul, bindul giseesu fook i téére
Xam xam ba cab dënnam xajul ci téére

Yonnent bu Yàlla yonni lii la waare
Ndaw ñaak jigéén ña gëm, sëriñ sa réér

Lu ngeen fi deeti jang, safara yay na
Léébu wolof lawoon ca yàgg, feeñ na

Feeñoon na Màkka gaa ñu baax ña booloo
Sette waxam ja, muy ju woor, ñu wooloo

Am ca ñu jomlu, gantu ngir kiñaan
Ku and ak ñooñaa déég ba doo ca naan

"Xafadta diini kufra Ruuhu Laahi
Abaa ka mursalum fi diini Laahi"

Ma wax la tuuti fii ci say jalooré
Ba gaa ña dégg, Saaba yaak kay seere

Tabeek soxar la mbër yi mos daan boole
Kuy bañ ci ngir mi, ñoo ko daan yan doole

Yàlla la fal "Aamiral muuminiina"
Ku weddi fii sa wax, jëfam ja neen na

Sa tur a jiit sa taxawaay ci dun bi
Deefu la jaawaleek keneen ci géew bi

Baay Laay rafet na diine, Njiin du maas
Ku weddi, sàngutee fa Maam Libaas

"Wa man yarju illaa jinaani Laahi
Xudaamu u faxlam u Ruuhu Laahi"

Yéféér yi sax yaras na sag njaboot
Ngir Maam Limaamu Laay mu réy mi boot

Aaye na jëw, aaye na fen rambaaj
Moo nuy musël, moo nuy fajal ay aajo

Digéb Yàlla, ba ñépp daa ko séénu
Mu ñëw, nu gëm, ñi wooluwul dëféénu

Weddi mosula jur i doom yuy daagu
Mujj ga du jàmm, ngall waay bul naagu

Yonnent bu woote, layu xeet wa jéex na
Ñi dégg tey tënxëmlu seen xol dee na

Saa Maam Limaamu rafet nay malaan
Leeri Yonnent ba, moo ko sol jawaanu

"Suxakadun" sàbbaa na, ñépp naan
Mar waa ngi réy ñi gàntu ngir kiñaan

Maa woolu Séydi, ba bésub péyoor ba
Ku bañ mu am, kerook doo naani Tuubaa

Yàllaa la yékki ngay boroom xarbaax
Way ngnàññ santu leen du ngeen war baax

Li muy digël jullit, mu war ko war ma
Yal na nu man ko, moo di leeral ngir ma

Wut ngërëmam ba tàkk dib jénéér
Moo gën junniy junniy junniy dinaar

"Salli wa salliman a la dawaami
Bi man daha li Laahi fil anaami"